Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 6 (9965) 9 февраль 2024 с. / Рузман 29 ражаб 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## *Уважаемые воины-интернационалисты, казбековцы!*

15 февраля исполняется 35 лет со дня вывода Советских войск из Афганистана. Наша страна отмечает этот день, как День памяти россиян, исполнивших служебный долг за пределами Отечества.




Это трагическая и в то же время героическая страница в жизни нашей страны. В этот день мы вспоминаем тех, кто, храня верность присяге, исполнил свой воинский долг.

Многие воины-интернационалисты, принявшие огонь «горячих точек», по-прежнему в строю. Вы вносите большой вклад в патриотическое воспитание молодёжи района, поддерживаете авторитет Российской Армии, повышаете престиж военной службы в эти сложные дни, когда наша страна проводит специальную военную операцию по демилитаризации и денацификации Украины.

Примите слова признательности и благодарности за мужество и стойкость.

От всей души желаем вам крепкого здоровья и душевного спокойствия!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

Искренне поздравляю вас со знаменательным событием-Днём воинов-интернационалистов.

Вы сумели доказать: вас объединяет не только общая радость или горечь потерь, но и способность помогать друг другу, оказывать поддержку семьям погибших товарищей. Этим вы подаёте пример истинного патриотизма. Страна и сегодня нуждается в таких людях, которые умеют преодолевать трудности и решать самые сложные задачи.

Спасибо вам, наши доблестные солдаты! Желаю вам здоровья, добра и благополучия.

***Депутат НС Республики Дагестан М. Д. Умаханов***

Примите сердечные поздравления с важнейшей датой в истории нашей страны - Днём памяти воинов-интернационалистов!

Мы разделяем всю боль утраты с теми, кто потерял на этой войне своих родных и близких.

Участники афганской войны стали гордостью и честью нашего района, надёжными помощниками в общественно-значимых делах, активными участниками патриотического воспитания молодёжи.

От всей души желаем вам и вашим близким здоровья, счастья и мирного неба над головой.

***Председатель Общественной палаты района И.Б. Салимханов***
***Председатель Совета старейшин С.Э. Нуралиев***
***Председатель Совета ветеранов ВОВ и труда Х.Г. Магомедхабибов***

# Активалъул данделъиялда…

7 февралалда районалъул администрациялда тIобитIана активалъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана гьесул заместителал, управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана гьаб соналъул 15-17 марталда Россиялъул Президент вищиялда, араб соналъ РДялъулгун районалъул бутIрузул тIадкъаял (рихьизариял) тIураялъе гьабураб хIалтIиялда ва гьелда хадуб халкквей лъикIлъизабиялъе тIоритIизесел тадбиразда, районалъул администрациялъулгун гьелъул ведомствоялде кколел гIуцIабазул хIалтIухъабаз захIматалъулъ гIадлу-низам цIуниялда, районалъул бетIерас тIобитIараб «рагьараб» эфиралда гIадамазул хитIабазда раккарал суалазда сверухъ гьабулеб хIалтIиялда ва терроризмалде дандекъеркьеялъул комиссиялъул хIалтIи нухда иналъе 2023 соналъ тIоритIарал ишазда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе цеве вахъана жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов. Гьес, рагIа-ракьанде щун, гьениб бицана Россиялъул президент вищиялде хIадурлъиялъул хIалтIи районалда кинаб даражаялда бугебали.

*Гьес абуна: «Республикаялъул бетIерасул управлениялдаса рачIарал рихьизариял тIуразариялъе, рищиял тIоритIизе рихьизарурал бакIазе гьаруна ремонтал, рищиязул участкабазул сияхI печаталдасан къватIибе кьуна, избирателазул списокал рекъезарулел руго. Районалъул росабалъ хасал бакIалги рихьизаруна агитациялъул материалал рекъезариялъе. Цо-цо участкабазда видеокамерал лъезе ккола, гьелда тIад ниж хIалтIулелги руго»,* -ян.

ГьесулкIалъаялда тIасан районалъул бетIерас абуна: *«Нилъеда лъала, Россиялъул президент вищиялъул кампания тIобитIи, СВО тIобитIиялъул гIаммаб ахIвал-хIалалда хурхун, тIолабго дуньялалъул гIадамазул халкквеялда букIине бугеблъи. Гьедин букIиналъ, законалъул кьучIалда, рищиял тIоритIиялъе нилъеца кинабго гьабизе ккола. Республикаялъул бетIерас киналниги шагьаразулгун районазул бутIрухъе рачIун руго хасал памяткаби рищиял тIоритIиялда жал хурхарал. Нилъеда тIадаб буго, кьури гьечIого, гьезда рехсарал тIалабал тIуразе»,* -ян.

КIиабилеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьениб гьабуна администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ.

Гьелъ абуна: *«2023 соналъ районалъул бетIерасул цIаралда, РДялъул бетIер С. Меликовасул рахъалдасан, 251 тIадкъай бачIун буго ва гьел 100% тIуразарун руго. Гьебго заманалда районалъул бетIерас кьун буго хасаб 78 тIадкъай. Гьел тIадкъаязул 65-яб тIуразарун рукIиналде балагьун, халкквеялдаса рахъун руго.*

*Цоги, хIисабкьеялда рекъон, тIадкъаял тIуразарун рукIунел руго, амма гьезул качество гIодобегIанаб букIунеб буго. ХIажат буго тIадкъаял тIураялъулги, гьезда хурхун, гьабулеб хъвай-хъваялъулги качество лъикIлъизабизе»,* -ян.

Жавабиял хIалтIухъабаз захIматалъулъ гIадлу-низам цIуниялда хурхун, Марьям-Асиятица бицана: *«Араб соналъ захIматалъулъ гIадлу-низам биххиялъул 61 хIужа букIун буго, амма гьелъул жаваб кьеялде 16 хIалтIухъан гурони, цIан гьечIо. РакIбацIцIад тIадаб гIадлу-низам цIуниялъухъ 15 хIалтIухъан шапакъаталъе рихьизарунги руго»,* -ян.

Хадусан гьелъ данделъаразе росабазул бутIруз, районалъул администрациялъул ведомствоялде кколел гIуцIабазе нухмалъулез тIадкъаял тIураялъе гьабурал ишазул хIасилазул баянал кьуна.

Араб соналъул 18 декабралда районалъул бетIер ХI. Мусаевас тIобитIараб «рагьараб» эфиралда гIадамазул рукIарал хIитIабазда сверухъ гьабураб хIалтIиялда тIасан Марьям-Асиятица абуна: *«Рагьараб» эфиралда ХIажимурадиде гIадамаз 63 хитIаб гьабун букIана ва гьезул 35-ялъе гьес жаваб гьабуна. Цогидал хитIабазда хурхун, гьес жидеда гьел кколезе тIадкъаялги кьун рукIана, ва гьезул 50-ялъе хъвай-хъваялдалъун бичIчIеналги кьуна»,-ян*

Гьединго, гьелъ бицана кинал хитIабал гьел рукIаралали ва гьезда сверухъ кинаб хIалтIи гьабурабали.




Гьелъ гьабураб кIалъаялда хурхун, ХI. Мусаевас абуна: *«Дуца бицаралдасан дида бичIчIана, цо-цо росабазул бутIруз, гьезда ракIалде щвезабичIони, тIадкъа- ял тIураялъул хIисабкьеял заманалда кьолелги кьуниги, гьезул кколеб къагIидаялда, хъвай-хъвай гьабулебги гьечIеблъи»,-ян.*

Гьес районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулелда лъазабуна тIадехун рехсаразул сияхI жиндихъе щвезабеян.

Районалъул бетIерас, гIатIидаб ва рагIа-ракьанде щвараб кIалъай гьабуралъухъ, Марьям-Асиятие баркала загьир гьабуна.

Гьес гьениб тIадчIей гьабуна СВОялда гIахьаллъулезул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе гьабулеб кумекалдаги.

ХIажимурадица абуна: *«Росабалъа СВОялда гIахьаллъулезул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазул чагIи, бакIалда тIубазе кIолеб суалгун, нижехъе рачIунел руго. Росабазул бутIрузда тIадаб гьечIищ гьезул раккулел гIиси-бикъинал суалал бетIералде рахъинаризе?*

*ХIалтIи букIинабиялъул, бакIал разе ракь кьеялъул, бахIарчилъиги бихьизабун, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул цIарал къватIазегун цогидал бакIазе кьезе рихьизариялъул суалал, ракIунтун гьезухъ балагьани, тIуразари бакIазул бутIрузда рарал руго. Гьелда тIад ургъизеги заман щун буго»,* -ян.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъайги гьениб Б. Нуцаловас гьабуна. Басирица тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул хIалтIи нухда иналъе араб соналъ отделалъ гьабураб хIалтIул, террактаздаса объектал цIуниялъе, гьезул хасал паспортал чIезариялъе тIоритIарал ишазул, республикаялъул АТКялъул тIадкъаял тIуразариялда сверухъ гьабураб хIалтIул, ккарал церетIеязул, гIолел-гIоларел рахъазул, дандчIварал захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Афганистан- боль моя

гъум. 3 Кивехун хIалтIизе ккаНиги…

гъум. 4 Осторожно фейк!

# 35 лет-выводу Советских войск из Афганистана

***Дата проведения Дня памяти россиян, исполнивших служебный долг за пределами Отечества, была выбрана не случайно. Именно в этот день, 15 февраля 1989 года, переправившись через реку Амударья по мосту Дружбы, командующий 40-й армией, Герой Советского Союза, генерал-лейтенант Борис Громов сказал: «За моей спиной ни одного советского солдата нет!»***

***Так, 35 лет назад завершился вывод Советских войск из Афганистана. Это событие ознаменовало для Советского Союза окончание Афганской войны, которая длилась девять лет и унесла жизни более 15 тысяч советских граждан.***

## Афганистан-боль моя

Учитывая, что приближается 35-я годовщина со дня вывода Советских войск из Афганистана, я встретился с «афганцами» из нашего района Карамутдином Биймаевым (с. Ленинаул) и Ниязбегом Эсенбаевым (с. Калининаул), и попросил их коротко рассказать о своём жизненном пути. Хотя встречи с ними состоялись раздельно, но, дойдя до службы в Советской Армии и участия в Афганской войне, их лица становились сосредоточенными и печальными.

Казалось, что они враз стали теми молодыми солдатами, которые видели все тяготы той войны и зрелыми мужчинами после военной жизни.

Многое, что они рассказывали о той войне, сходилось, они различались только в деталях. В один голос они оба говорили, что война есть война, там можно увидеть всякое, и к этому как-то привыкаешь, но никак нельзя привыкнуть к тому, что твой однополчанин, друг, только, что разговаривавший с тобой, погиб и никогда не будет рядом.

Ниже я коротко передаю рассказы Карамутдина и Ниязбега о своём жизненном пути.

**Карамутдин рассказал:** «Я родился в 1961 году в сел. Чонтаул Кизилюртовского района. Окончив в 1978 году там же среднюю школу, я поступил на экономический факультет Дагестанского государственного университета. Ещё обучаясь в школе, я мечтал служить в воено-десантных войсках, и учась в университете, я поступил в авиационно-спортивный клуб г. Махачкалы.

Подумав, что учёба от меня никуда не денется, через Кизилюртовский военкомат, я попросился в ряды Советской Армии. Так, в ноябре 1979 года, я попал в воздушно-десантные войска. Наша дивизия находилась в г. Витебск Белоруссии.

В начале декабря мы дали присягу и в одну из ночей нам объявили боевую тревогу. Было



приказано взять с собой всё своё военное имущество и погрузиться на поезд. Нас привезли в Саратовскую область, а оттуда на самолётах в Ташкент. Там только нам сказали, что полетим в Афганистан. Это было 25 декабря 1979 года. Так мы попали на войну, которую позже назвали «афганской».

Я попал в разведывательную роту и там прослужил два года. Конечно, я увидел всякое, но один случай никак не смог забыть. В один из дней нам сказали, что в санчасть привезли обгоревших ребят из Дагестана, и я побежал туда. Там один из бойцов был весь перебинтован, видны были его глаза и рот.

Я машинально остановился рядом с ним, и спросил, не из Дагестана ли он. Он движением глаз это подтвердил. Потом очень слабым голосом сказал, что он из Хасавюрта и его Алимирзой зовут. Обещав ещё раз его навестить, я вышел. Когда я пришёл к нему второй раз, мне сказали, что его увезли в Ташкент. С тех пор о нём я ничего не услышал. Недавно сын нашего сослуживца попал в аварию и погиб.

Мы поехали на соболезнование. Там кто-кто сказал «Алимирза», и стоявший рядом со мной откликнулся. Услышав это имя, я просто остолбенел и вспомнил тот случай в санчасти. Я подошёл к нему и спросил не помнит ли он меня.

Он отрицательно покачал головой. Я подробно рассказал ему о том случае.

Он подтвердил сказанное мной и обнял меня. Нашей радости не было предела. Конечно, все те, кто был рядом с нами, поинтересовались нашей бурной встречей, и мне пришлось все в деталях рассказать. Бывало и такое: жители афганских кишлаков приходили к нам и просили защиты от душманов. «Духи» так называли душманов, грабили своих.

Наши войска не только воевали с «духами», но и строили там дороги, мосты, больницы, детсады, школы и т.д. Так что среди афганцев были и наши друзья.

Вернувшись в 1981 году со службы, я поступил на экономической факультет Дагестанского сельскохозяйственного института. Это объясняется тем, что я хотел быть ближе к земле. Заочно окончив институт, в 1983 году я переехал в сел. Ленинаул, и 7 лет работал в управлении сельского хозяйства нашего района. Потом переехал в г. Махачкала и работал там 2 года. После развала СССР подался в бизнес. Вместе с женой Жемилат мы воспитали 2 сыновей и 1 дочь, все они заняты своими хозяйствами. Вот что коротко я могу рассказать о своей жизни».

**Ниязбег рассказал:** *«Шарип, наша жизнь прошла перед твоими глазами. Ты сам знаешь, что у нас была большая семья, в ней было, кроме отца и матери, 9 человек (5 мальчиков и 4 девочки).*

*Конечно, жизнь была нелёгкая, и родители нас с детства приучили к труду, у всех были свои обязанности. Это нам очень помогло в дальнейшей нашей жизни. За воспитание любви к труду, я благодарю покойных уже своих родителей. Моя биография особенностя-ми не отличалась, она было такой же, как у многих других.*



*Родился я в 1965 году в с. Калининаул. Окончив 8 классов в школе, я поступил в Махачкалинское СПТУ. После трёх лет обучения я получил среднее образование и специальность сварщика. В те годы молодёжь, по комсомольской путёвке, отправляли на различные стройки страны. Так я попал в Астраханскую область.*

*В 1984 году меня призвали в ряды Советской Армии, и я попал в Ташкент. Конечно, я знал, что идёт война в Афганистане и нас могут отправить туда. Так и случилось, я попал в провинцию Кундуз. Наша рота охраняла важные военные объекты.*

*Моя служба длилась 2 года и 2 месяца. (Эти 2 месяца мы ждали замену). Конечно, там шла настоящая война, было хорошее и плохое. Если сказать честно, вспоминать об этом не хочется, но приходится, так как это часть нашей жизни.*

*В 1987 году я вернулся в родные края. В Афгане, как говорят, я был награжден медалями: «За боевые заслуги» и «От благодарного афганского народа».*

*По возвращении я стал работать сварщиком в Ирганайской ГЭС. Проработав там 10 лет, я вступил в ряды ОМОН. В общей сложности в рядах ОМОН я работал 20 лет. (13 лет в Хасавюрте и 7 лет в нашем районе). В данное время нахожусь на пенсии и занимаюсь сварочными работами».*

В конце бесед Карамутдин и Ниязбег мне рассказали, что они держат тесную связь не только со сослуживцами, но и с теми, кто являлся участником той войны.

Карамутдин мне показал записную книжку, где был полный список их роты, многочисленные совместные фотографии. Также он знает, кто и чем из того списка занят. Он был очень рад, что теперь имеются большие возможности для связи с теми, кто воевал на афганской земле.

***Магомед-Шарип Абдулашимов***

## «БахIарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ» акция

Лъалеб букIахъе, нилъер районалъул бетIер XI. XI. Мусаевасул тIадкъаялда рекъон, районалда *«БахIарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ»* акция тIобитIулеб буго.

Гьелъул хIакъалъулъ нижеца газеталъул цересел номеразда хъванги букIана. Акция гIуцIаразул рагIабазда рекъон, рехсаралго гIадинал дандчIваял хадусан тIоритIизеги руго.

Акциялда хурхун, 4 февралалда «Салатавия» студиялъул хIалтIухъаби, районалда бугеб *«Улбузул къуват»* ЖамгIияб гIуцIиялъул отделениялъул куратор Аминат Абужанатовагун, СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав Ленинаул росулъа Ибрагьим Манаповасул хъизаналъухъе щвана.

Жидерго ракIалдещвеязда гьесул эбел Айсаратица ва лъади ПатIиматица гьалбазе



Ибрагьимил гIумрудул къокъаб баян кьуна. *«Нижер лъимал, росал кIочонгутIиялъе гьарулел ишазухъ, нижедехун гьабулеб лъикIаб бербалагьиялъухъ ракI-ракIалъулаб баркала буго районалъулгун росабазул бутIрул XIажимурад Мусаевасе, Гъайирсултан Эсенбиевасе ва гьаб акция тIубаялъулъ гIахьаллъулел тIолазего»*, -ян абуна Айсаратица.

ДандчIваялъухъ баркалаги загьир гьабун, А. Абужанатовалъ Ибрагьимил хъизаналъе кверал бахъараб гьесул сурат кьуна.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

## «Рагъухъанасухъе кагъат» акция



Щулияб тыл бугонани, фронталда бергьенлъи босизеги бигьа букIуна. Хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса, нилъер гIадамаз, жив-живас бажарухъе, гьенир гIахьаллъулезул рахъкквей загьир гьабуна. ТIоцебесеб къоялдасаго цIалдохъабиги гьелдаса ратIа тIун чIечIо. БатIи-батIиял цIаразда гъоркь тIоритIулел акцияздалъун, гьез жидерго талихIаб букIинеселъе ва ракълилаб дунялалъе гIоло рехсараб операциялъулъ бахIарчиго рагъулездехун бугеб бербалагьи баян гьабула.

*«Рагъухъанасде кагъат»* абураб ТIолгороссиялъулаб акциялъулъ районалъул киналго росабазул школаз жигараб гIахьаллъи гьабуна. Лъималазул кагътазулъ бессун бугеб хIалимлъиялъги, рагъухъабазе кьолеб баракалаялъги, хехго щвезесеб бергьенлъиялде хьулазги солдатазда куркьбал гъола. БитIахъе урхъун рукIуна гьел рукъалъул хинлъигун щолел гьел кагътазухъ.

Гьаниб бицинчIого гIоларо Дилималдаса рагъухъанасул къисмат лъаларого чанго моцI букIин. Гьесул анлъабилеб классалда цIалулей ясалъ цо гьединаб кагъат жиндир эмен валагьизе кумек гьабеян гьарулел рекIелъе ртулел рагIабаздалъун лъугIизабун бугоан. Кинаб хIал щун бугеб гьеб гьитIинаб ракIалдеяли, гIицIго Аллагьасда гурони лъаларо. Гьелъ рагъухъабазеги кIудияб асар гьабуна. Гьеб цо къисмат буго. Гьединал чан ругел?

Аллагьас киналго бихьинал хехаб бергьенлъигун нахъруссине хъван батаги. Биччанте гIисинал ракIазулъеги хIалхьи рещтIине!

***Динара Батиева***

# ГIелмуялъулгун лъайкьеялъул Советалда...

Дагъал церегIан къояз МахIачхъалаялда тIобитIана республикаялъул бетIерасда цебе гIуцIараб гIелмуялъулгун лъайкьеялъул Советалъул данделъи.

Гьеб данделъиялда, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул нухмалъиялда, нилъер районалдаса делегацияги гIахьаллъана.

Делегациялда гьоркьор рукIана лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаев, районалъул умумузул Советалъул председатель Наида Юсупова, цо-цо лъайкьеялъул гIуцIабаздаса, тарбия кьеялъул рахъалъ, гIакълучагIи ва цогидалги.




Гьеб данделъиялъул пленарияб бутIаялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана гьаб сон хъизаналъул Сонлъун лъазабун букIиналда, араб соналъ лъайкьеялъулъ ккарал церетIезда ва цере чIарал масъалабазда хурхарал суалал.

Советалъул аслияб хIалтIи байбихьиладе цебе республикаялъул бетIер Сергей Меликовас ракI-ракIалъалаб баркала загьир гьабуна мугIалимзабазегун насихIатчагIазе гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъулъ лъолеб кIудияб бутIаялъухъ.

Гьес абуна: *«Гьаб заманалда лъайкьеялъул гIуцIабазда цере чIарал масъалабазул аслияблъун ккола жалго жидедаго ракIчIарал, хехабгун битIараб пикру гьабулеб ва жамгIияталъе хIажатал гIадамал гIезариялъун масъала. Гьедин букIине ккани, щулияб бухьеналда хIалтIизе ккола мугIалимзабиги, цIалдохъабиги, тарбиячагIиги, умумулги», -ян.*

МугIалимасулгун насихIатчиясул Сон тIобитIиялъулъ ккарал хIасилазул, лъайкьеялда цере чIарал аслиял масъалабазул гьениб бицен гьабуна лъайкьеялъулгун гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаевас.

Данделъи ахиралде щвана хIалтIулъ церетIеял рихьизарурал лъайкьеялъул хIалтIухъабазе пачалихъалъулгун ведомствоялъул шапакъатал кьеялдалъун. *«РДялъул мустахIикъав мугIалим»* цIаралдалъун гьенив Дилималъул лицеялда физкультураялъул дарсал кьолев ГIиса МухIамадтIагьировги кIодо гьавуна.

***Наида Юсупова,ИМЦялъул специалист***

# Гимназистал-сахлъицIуниялъул рахъалда

Дагъал церегIан къояз Дилим росдал гимназиялда, 5-11 классазул цIалдохъабазул гIахьаллъиялда ва районалъул Централияб библиотекаялъул хIалтIухъабазул хIаракаталда, энергетикал, рухIулел жура-гъурарал жал, наркотикал ва цогидалги сахлъиялъе зарал кьолел препаратал хIалтIизариялде данделIеялъулгун къеркьеилъул тадбир тIобитIана.

Данделъиялъул байбихьиялда ЦРБялъул директорасул заместитель МухIамадхIабиб МухIамадхIабибовас абуна: *«Нужеда лъала гIисинал тукабаздацин, батIи-батIиял цIаразда гъорькь, рекIел хIал хисизабулел лъамалъаби ричулел рукIин, амма гIемераз кIвар кьоларо гьел хIалтIизариялъ сахлъиялъе кьолеб зараналде.*

*Нужеда киданиги кIочонге тIадехун рехсарал жалаз гIолеб гIелалъе кьолеб зарал цIикIкIараб букIин. Нуж гIенеккуге гьел тIиритIизе гьарулезухъ, гIенекке, гIалимзабаз, тохтурзабаз, мугIалимзабаз ва тIолазего лъикIлъи бокьулез бицунелъухъ. Нужеда лъай рехсарал жалазде нуж хехго ругьунлъулеллъиги гьез нужер сахлъи хвезабулеблъиги",-ян.*

*Гьес* гьенир видеороликалги рихьизаруна.

Дилим росдал жамгIияб Советалъ, *«Бахчуда бугеб хIинкъи»* цIаралда гъорькь, бакI-бакIазда лъезе баннералги хIадурун руго.



Муфтияталъул рухIияб лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан МухIаммадхIажи Батилмирзаевас гьениб абуна: *«Аллагьас нилъ щивасухъе жиндир черх амамат хIусабалда кьун буго. Жиндирго черхалда зулму гьабуразда БетIергьанас цIехезеги буго гьедин гьабиялъе гIиллалъун ккараб.*

*Гьединаз Гьесие кинаб жаваб гьабизе бугеб? Гьелда тIад ургъулез жиндирго чорхое, рехсарал жалги хIалтIизарун, гIазаб кидаиги кьезе гьечIо»,-ян.*

Энергетикиял лъамалъаби, наркотикал хIалтIизариялда сверухъ кIалъаял гьенир ЦРБялъул тохтур –нарколог ХIабиб ЛатIиповасги, росдал участковый Ражаб СагIидовасги, жамгIияб Советалъул член Сайфулла Бектимеровасги гьаруна.

Замира ХIасановалъ цIалдохъабазда ННТ студиялъул цIияб *«Закладчик»* абураб фильмги бихьизабуна.

Данделъиялъул ахиралда гимназиялъул директор Зульфия Темирбулатовалъ тарбия лъималазе кьеялъе мугIалимзабаз гьабулеб хIалтIул бицен гьабуна.

***Зульмира Адилмирзаева, ЦРБялъул директор***

*Инсан ва гIумру*

# Кивехун хIалтIизе кканиги...



Арал соназ районалъул батIи-батIиял гIуцIабазе нухмалъулеллъун, техникагун хIалтIулел рукIаразда ва мухъилал гIадамазда лъачIого вукIине рес гьечIо Калининаул росулъа МухIамад Чегуев. МухIамад гьавуна 1936 соналъ Алмахъ росулъ. Гьел рукIана тIубанго Советияб улка щулалъичIеб, КIудияб ВатIанияб рагъда цересел сонал. Узухъда, дол захIматал соназул лъимал цIакъ цудунго рукъалъул магIишаталъул захIматалъулъе лъугьине кколаан ва гьезие гьелдаса рорчIизе рес букIинчIо. Гьеб рахъалъ МухIамадида цогидаздаса цIикIкIараб гурони, дагьаб захIмалъи бихьичIо, щай абуни, гьезул гIемерал лъималазулаб хъизан тIубанго бесдаллъуде ккун букIун.

ЗахIматаб заманалда бесдаллъиялъул кьогIлъи, бихьаразда гурони, бичIчIине рес гьечIо, гьеб, ахиралде щвезегIан, МухIамадицаги *"чIамурабльи"*. Гьесда бихьана язихълъи, ракъи ва ратIликълъи. Дида ккола ЦIадаса ХIамзатил микьабилеб марталъ кIодоца ахIараб кечIалъулъа гьал рагIаби:

*Нижеда бихьичIеб чIегIераб-хъахIаб,*
*Щибго жо хутIичIо, хвел тун батIияб.*

МухIамадил гIумрулде данде кколилан. Доб заманалда колхозниказул лъималаз колхозалда гIумру бухьинабизе кколаан, узухъда, гьитIин вукIаго лъуна МухIамадицаги *«колхозалъул рукь»* горбода.

1955 соналъ гьев, гIарзаги кьун, Советияб Армиялде ана. 1958 соналъ тIадвуссарав МухIамад (дол соназ армиялда лъабго соналъ хъулухъ гьабулаан) Хасавюрт шагьаралъул механизациялъул школалде лъугьана. Цо соналъ гьенибги цIалун, гьев колхозалде комбайнёрасул кумекчилъун хIалтIизе лъугьана.

МухIамадие цIакъ техника бокьулаан, амма гьесда бичIчIунаан щвараб лъай гIейгьечIеблъун букIин. Гьесул къотIи ккола, лъай борхизаби мурадалда, цIализе ине, ва гьев Буйнахъск шагьаралъул росдал магIишаталъул техникумалде лъугьана. Каникулазул заманалдаги гьев хIухьбахъиялда вукIунароан, МухIамад Буйнахъск районалъул бакI-бакIазул колхозазда комбанёрлъунги трактористлъунги хIалтIизе унаан.

Техникум лъугIун хадусан тIадвуссарав М. Чегуев *«Сельхозтехника»* МРОялде инженер-контролёрлъун хIалтIизе лъугьана, хадусан гьев гьенивго мастерскаялъе нухмалъулевлъун тIамуна.

1970 соналъ МухIамад цIи рагьараб ПМКялде бетIерав инженер-механиклъун тIамуна. Щвараб лъаялда гIейги гьабичIого, гьев Новочерасск шагьаралъул политехническияб институталъул автомобилазул факультеталде (заочно) лъугьана.

ПМКялдаса гьев тIадехун рехсараб *«Сельхозтехника»* гIуцIиялъул управляющиясул заместительлъун вачана. Хадув МухIамад Калининаул росдал *«Бергьенльи»* колхозалда инженер-механиклъун хIалтIизе витIана.

1989-2002 соназ гьев районалъул росдал магIишаталъул управлениялда цебе гIуцIараб госсельтехнадзоралъул бетIерав инженер-инспекторлъун хIалтIана, хадусан гьеб гIуцIи районалда бугеб кинабниги техникаялъул хал гьабулеб комитеталде сверизабуна. Гьенив лъабго соналъги хIалтIун, МухIамад, пачалихъияб хъулухъалъул 2 классалъул советникасул чиналда, хIалхьиялде ана.

МухIамадил гIумрудул хIакъалъулъ бицен гьабулеб гьаб макъала цIаларазул ракIалде ккезе бегьула лъикIаб хIалтIи гьебулев чияс гьедигIан гIемерал хIалтIул бакIал хисулищан ва гьел цIакъ мекъи ккезе руго, щай абуни, дол соназул хIалтIи гIуцIулеб букIараб къагIидабазул хIакъикъат гьезда лъаларо.

Доб заманалда билъанхъараб къагIида букIана, хасго коммунистал, нахъе ккарал гIуцIиял церехун рачине, яги цIиязда хIалтIи гIуцIизе ритIулел. Гьединазул цоявлъун кколаан МухIамадги. Кивехун хIалтIизе кканиги, гьесие хасияталлъун рукIана ракIбацIцIалъи, рагIа-ракьанде щун, бажарун хIалтIи гьаби, гIаданлъиялда, магIарул яхI-намус цIунун, хьвади. Гьимун гурони кIалъаларев, хIалимав МухIамадида бигьаго нух бахъизе кIолаан чIахIиязулги гIисиназулги ракIазулъе.

Махсаро-хочI бичIчIунев ва гьеб гьабулев МухIамад цIакърекъолаан гIадамазул кинаб букIаниги къокъаялъулъ. ГIадамазул хъулухъ тIубай гьес жинда тIадкъарал, жинде тIаде кколел ишазул *«гохIил»* тIогьлъун рикIкIунаан.

Нижер гьудуллъи гIемерал соназулаблъун кколаан ва нижеца цоцазда вацлъи лъазабун букIана.

Дида ракIчIун абизе кIола гIурусазул *«Дун гьевгун разведкаялъ ина»*,-ян аби МухIамадгун гьудуллъи ккуралщиназул ракIалде ккечIого букIине рес гьечIин. Гьедин рекIкI гьечIев, ритIухъав гьудуллъун вукIунаан гьев цадахъазе. Жиндирго аслияб хIалтIуда цадахъ, МухIамадица жамгIияб хIалтIиги бачунаан. Гьес цо чанго соналъ колхозалда цебе гIуцIун букIараб партиялъул гIуцIиялъул секретарасул хIалтIиги бачана. Камулароан МухIамад росдал жамгIиял ишазулъаги. Калининаулалда ккарал лъикIалги квешалги ишазул хIакъалъулъ гьес дида лъазабичIого толароан, дицаги гьесие гьединабго жаваб гьабулаан. Дида къанагIатги вихьичIо гьев гьаракь борхун, цIим бахъун кIалъалев. Гьесул калам гIодобе биччараб, сабруяб ва гIакъилаб букIунаан.

МухIамадицаги лъади Зариятицаги щуго лъимер гIезабуна ва гIумрудул нухда тIобитIана.Гьеб букIана, дун мекъав ватичIони, 2022 соналъул ноябрь моцI. Дица МухIамадида абуна дур хIакъалъулъ макъала районалъул газеталде кьезе бокьун бугилан ва дур сурат дихъе яги редакциялде битIеян. Гьев кинго гьелда разилъулев вукIинчIо.

*"Дир хIакъалъулъ гурони, цоги хъвазе жо гьечIогойищ гьел ругел"*,- ан чIана гьев.

ЛъикIав инсан, унго-унгояв магIарулав ва захIматалъул ветеран МухIамад, хехаб ва ракIалдаго букIинчIеб унтиги тIадчIван, араб соналъул 1 декабралда гIумруялдаса ватIалъана.

Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

***Шиявдин Яндаев, Дилим росу***

## Прокуратура информирует…

В соответствии с Федеральным законом от 19.10.2023 N 505-ФЗ, с 30 октября 2023 года ввели новые штрафы за нарушение прав потребителей. В частности, введено наказание за навязывание дополнительных товаров, работ или услуг за отдельную плату. Речь идет о следующих ситуациях:

-до покупки основных товаров, работ, либо услуг, потребителю предложили сделать дополнительные покупки или заключить какие-либо соглашения под предлогом их обязательности, хотя это не предусмотрено законом;

-в договоре установили, что покупка основных товаров, работ или услуг обусловлена приобретением дополнительных, хотя это не предусмотрено законом.

Штраф для должностных лиц составит от 2 тыс. до 4 тыс. руб., для юрлиц - от 20 тыс. до 40 тыс. руб.

Также привлекут к ответственности и за необоснованный отказ или уклонение от рассмотрения требований потребителя, которые связаны с нарушением его прав. Штраф для должностных лиц составит от 15 тыс. до 30 тыс. руб., для юрлиц - от 100 тыс. до 300 тыс. руб.

## Внимание, фейк!




В последнее время в мессенджерах WhatsApp распространяется ложная информация о заражении домашних парнокопытных животных вирусной, остро протекающей болезнью, характеризующейся лихорадкой и афтозными поражениями слизистой оболочки ротовой полости, кожи вымени и конечностей — ящуром.

Это фейк

Комитет по ветеринарии Республики Дагестан опровергает данную информацию, и заявляет, что *материал является информационной диверсией, так как вводит в заблуждение и сеет панику среди населения. Наличие ящура на территории республики ветеринарами не подтверждено.* Администрация района призывает всех доверять только официальным источникам.

## Жители Казбековского района могут платить за газ, оставаясь дома

*«Газпром межрегионгаз Махачкала»* рекомендует использовать дистанционные формы услуг для оплаты за потребленный газ. С помощью приложений для смартфонов *«Мой Газ»* и *«Газ Онлайн»* потребители газа могут не выходя из дома получить информацию по взаиморасчетам, передать показания индивидуального прибора учёта газа (при наличии), а также произвести оплату за газ.

В качестве простого, удобного и надежного способа оплаты, внесения показаний приборов учета газа и контроля прохождения платежей на сайте компании https://mkala- mrg.ru/ работает *«Личный кабинет абонента»* и также мобильные приложения *«Мой газ»* в PlayMarket или *«Газ онлайн»* в App Store, через которые возможно произвести онлайн- оплату по банковской карте.

*«Личный кабинет абонента»* отвечает главному требованию времени - максимальной простоте в использовании и экономии времени потребителя.

Что особенно важно оплатить газ через мобильные приложения можно без комиссии.

Для удобства абонентов в ООО *«Газпром межрегионгаз Махачкала»* работает многоканальная телефонная линия Контакт-центра **8-800-200-98-04** (звонок бесплатный).

## В Дагестане начал работу «Центр поддержки гражданских инициатив»

В соответствии с постановлением Правительства РД, учреждена автономная некоммерческая организация *«Центр поддержки гражданских инициатив Республики Дагестан»*.

Она создана с целью оказания информационной, консультационной, методической и финансовой поддержки социально ориентированным некоммерческим организациям, а также физическим лицам, участвующим в развитии гражданского общества в Республике Дагестан.

Центром проводятся консультации по вопросам участия некоммерческих организаций (в том числе бюджетных и автономных) и инициативных граждан в конкурсах на предоставление грантов Президента РФ и Главы РД на развитие гражданского общества и грантов иных фондов, направленных на реализацию социально значимых проектов.

Телефон для записи на консультацию: **8(872)298-97-50.**

Ссылка на электронную запись на консультацию: **https://clck.ru/35n9KN**

## Вниманию юридических лиц

По информации Минпромторга РД, в соответствии со ст. 53 Федерального закона Российской Федерации от 12 декабря 2023 года № 565 *«О занятости населения в Российской Федерации»* работодатели обязаны информировать государственную службу занятости, в том числе о свободных рабочих местах и вакантных должностях, и о потребности в их замещении посредством размещения информации на единой цифровой платформе *«Работа в России»*.

В противном случае, согласно статье 19.7 КоАП РФ, непредставление или несвоевременное представление в государственный орган сведений, представление которых предусмотрено законом, и необходимо для осуществления этим органом его законной деятельности в неполном объеме или в искаженном виде, влечет предупреждение или наложение административного штрафа на граждан в размере от 100 до 300 рублей; на должностных лиц - от 300 до 500 рублей; на юридических лиц - от 3 тысяч до 5 тысяч рублей.

## Упрощен порядок предоставления субсидий

Согласно Постановлению Правительства РД, льготные категории граждан, которые с 1 января 2023 года заключили договоры на покупку газового оборудования при социальной газификации, смогут получить компенсацию в размере до 100 тысяч рублей.

Единовременную субсидию могут получить ветераны и инвалиды ВОВ, многодетные и малоимущие семьи, а также одинокие пенсионеры.

Новый порядок предполагает, что собственники домов, которые хотят провести в свои дома газ, смогут это сделать без привлечения собственных средств. Теперь расходы по приобретению оборудования и на строительство сетей газопотребления внутри границ участка в домовладения - берет на себя газораспределительная организация, с которой будет заключен договор.




Для этого им необходимо обратиться с договором в орган соцзащиты населения по месту жительства для перечисления субсидии на расчетный счет газораспределительной организации в качестве исполнения обязанностей по внесению платы по договору о подключении.

Такой механизм позволит ускорить процесс газификации и увеличить количество газифицированных домовладений республики.

*Спорт -инсанасул сахлъи*

## ГIолохъанал спортсменал кIодо гьаруна

Дагьал церегIан къояз Калининаул росулъ кIодо гьаруна араб соналъ лъикIал хIасилал рихьизарурал росдал гIолохъанал спортсменал. Росдал культураялъул Рукъоб тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул бетIер ХIажи ХIажиев, Афгъанистаналъул рагъул гIахьалчи ГIали ГIабдуразакъов, КСОШялъул директор МухIамадрасул ХIабибов, *«Нижер рукъ»* ДРПООялъе нухмалъулев Аюп Нуцалханов ва цогидалги.




КIалъазе вахъарав ХI. ХIажиевас гьениб абуна: "ГIолеб гIелалда цере чIарал масъалабазул аслияллъун ккола лъай боси, гIаданлъиялда хьвади, узухъда, жиндир сахлъиялда тIадчIей. Сахлъи гьечIони, щибниги букIунаро, гьеб букIинабиялъеги балъголъи гуро. Жакъа нилъ данделъун руго араб соналъ лъикIал хIасилал рихьизарурал нилъерго спортсменал кIодо гьаризе. Дица гьезие гьарула щулияб сахлъи, рохел, талихI ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби»,-ян. Гьединалго кIалъаял гьенирцогидал кIалъазе рахъаразги гьаруна. Данделъи ахиралде щвана спортсменазе грамотабиги къиматал сайгъаталги кьеялдалъун.

***Аюп Нуцалханов, Калининаул росу***

**БетIерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**